



# Health Care For All

*Health Care For All (HCFA) ap defann lajistis pou sante nan Massachusetts nan travay pou ankouraje ekite sante ak garanti kouvèti asirans ak aksè pou tout moun.*

## Mizajou enpòtan sou itilizasyon avantaj pou imigran yo: Aksè ak swen sante ak règ "Chaj Piblik" la

### Kisa ki "chaj piblik" ("public charge") la?

Imigrasyon federal itilize yon tès "chaj piblik" pou detèmine kiyès ki ka jwenn refi yon viza oswa ajisteman pou sitiyasyon rezidans pèmanan legal (yon "kat vèt"). Ou ka tande pale sou chanjman nan règleman an ki ka penalize imigran yo poutèt yo itilize kèk avantaj piblik (pwogram gouvènman yo ki ka ede ou peye pou manje, lojman oswa swen sante) epi ka rann li pi difisil pou yon fanmi ki gen yon revni ki ba oswa modere pou jwenn yon kat vèt.

Lakou Siprèm Etazini te otorize aplikasyon règ "chaj piblik" la pandan gen plizyè pwosè nan tribinal ki kont li.

**Dat efektif aplikasyon règ chaj piblik la se 24 fevriye, 2020. Avantaj ki itilize yo ak aplikasyon yo ki soumèt anvan dat sa p ap afekte ak nouvo règ la. Epitou, anpil moun pa sijè ak "chaj piblik" oswa pa kalifye pou avantaj ki dekri nan règ la.**

FÈY ENFÒMASYON SA GEN ENTANSYON EDE OU KONPRANN KISA RÈG AKTYÈL LA GEN LADAN, DETÈMINE SI LI APLIKAB POU OU EPI POU PRAN DESIZYON AVIZE KONSÈNAN OPSYON SWEN SANTE POU OU MENM AK FANMI OU.

### **Anvan ou pran nenpòt desizyon konsènan itilizasyon avantaj yo, tanpri pran enfòmasyon sa yo an konsiderasyon:**

- **Anpil imigran pa bezwen enkyete konsènan "chaj piblik" la, pa egzanp:**
  - Rezidan pèmanan legal yo (moun ki gen kat vèt) k ap aplike pou sitwayènte Ameriken
  - Rezidan pèmanan legal yo (moun ki gen kat vèt) k ap aplike pou renouvle kat yo ki ekspire
    - Sèlman rezidan pèmanan legal sa yo (moun ki gen kat vèt) ki kite Etazini pandan 180 jou oswa plis ka sijè ak yon tès "chaj piblik" lè yo retounen.
  - Refijye ak benefisyè azil yo tankou moun ki aplike pou azil
  - Moun k ap aplike oswa k ap fè re-enskripsyon pou Sitiyasyon Pwoteksyon Tanporè (TPS)
  - Moun k ap aplike oswa k ap re-enskri pou Aksyon Ranvwaye pou Arive Timoun (Deferred Action for Childhood Arrivals, DACA)
  - Petisyonè Lwa sou Vyolans Kont Fanm (Violence Against Women Act, VAWA)
  - Viktim krim oswa trafik ki genyen yon viza U oswa T
  - Moun ki gen Sitiyasyon Jivenil Imigran Espesyal tankou moun k ap aplike pou sitiyaasyon sa a
- **Avantaj yo ki konsidere anba "chaj piblik" la se:**
  - Avantaj lajan kach tankou:
    - Èd Ijans pou Granmoun Aje, Andikape ak Timoun (Emergency Aid to the Elderly, Disabled, and Children, EAEDC) ki soti nan Depatman Asistans pou Tranzisyon (Department of Transitional Assistance, DTA)
    - Èd Tranzisyon pou Fanmi ki gen Timoun Depandan (Transitional Aid to Families with Dependent Children, TAFDC) nan Depatman Asistans pou Tranzisyon (DTA)
    - Revni Sekirite Sipleman (SSI)
  - Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP)

- Asistans pou lojman federal: Seksyon 8 ak lojman piblik federal
- Medicaid ki pa ijan pou moun ki gen 21 ane ak plis (eksepte fanm ansent, ki gen ladan 60 jou apre gwosès)
- **Pwogramsa yo PA konte pou tès "chaj piblik":**
  - Pwogram Nitrisyon Fanm, Ti bebe ak Timoun (WIC)
  - Health Safety Net
  - MassHealth Limited (Medicaid ijans)
  - Kouvèti MassHealth pou fanm ansent (ki gen ladan 60 jou apre gwosès)
  - Kouvèti MassHealth pou timoun ak jèn moun ki gen mwens pase 21 ane
  - Kouvèti MassHealth finansman eta yo peye
  - Kouvèti atravè Health Connector, ki gen ladan ConnectorCare
  - Plan Sekirite Medikal Timoun (CMSP)
  - Medicare
  - COBRA
  - Kouvèti Administrasyon pou Veteran (Veterans Administration Coverage) epi Tricare

ÈSKE OU TA RENMEN KONNEN SI KOUVÈTI ASIRANS OU AN KONTE POU TÈS "CHAJ PIBLIK" LA?  
**RELE LIY ASISTANS HEALTH CARE FOR ALL LA NAN 800-272-4232**

LÒT KONSIDERASYON KONSÈNAN "CHAJ PIBLIK" LA:

- **Pifò imigran ki pral sijè ak tès "chaj piblik" la deja pa kalifye pou avantaj piblik federal yo ki konte negativman anba nouvo règ la.**
- Akòz "chaj piblik" la refere ak yon moun ki ka se depandan prensipal nan gouvènman Etazini pou bezwen debaz, revni **imigran an, sitiyasyon sante, laj oswa lòt faktè ka rann li pi difisil pou jwenn yon kat vèt** menm si yo pa janm te resevwa avantaj règ la dekri a.
- "Chaj piblik" la **pa konsidere avantaj piblik ke lòt manm fanmi an itilize** (ki gen ladan timoun) ki p ap aplike pou ajisteman nan sitiyasyon imigrasyon.
- **Kantite tan imigran yo itilize avantaj piblik yo pral konsidere nan desizyon imigrasyon an.**
- **Chanjman sa yo aplike pou aplikasyon imigrasyon sèlman pou moun ki deja nan peyi Etazini.**

SI W AP APLIKE POU FÈ YON MANM FANMI KI SOTI NAN YON LÒT PEYI ANTRE NAN PEYI ETAZINI OSWA W AP CHÈCHE AJISTE SITIYASYON ANDEYÒ PEYI ETAZINI, OU DWE KONSILTE YON AVOKA IMIGRASYON OSWA AVANTAJ PIBLIK KI KALIFYE.

Isit la w ap jwenn plis enfòmasyon sou tès chaj piblik la kòm yon pati nan pwosesis konsilè a (jan sa te mete ajou nan Ti Liv Afè Etranjè a nan mwa janvye 2018):

<https://www.nilc.org/wp-content/uploads/2018/02/PIF-FAM-Summary-2018.pdf>

**RESOUS SA A PA YON RANPLASMAN POU KONSÈY JIRIDIK  
 KI SOTI NAN MEN YON AVOKA IMIGRASYON OSWA AVANTAJ PIBLIK KI KALIFYE.**

Health Care For All (HCFA), Massachusetts Immigrant Refugee Advocacy Coalition (MIRA), Health Law Advocates (HLA), Massachusetts Law Reform Institute (MLRI) ak anpil lòt òganizasyon ap travay pou pwoteje imigran Massachusetts yo epi garanti yo gen dwa pou gen aksè ak avantaj piblik yo, tankou swen sante.

Pou aprann plis sou chanjman yo konsènan detèminasyon "Chaj Piblik" la ak kijan pou fè pati kanpay la pou kanpe kont chanjman sa yo, ou ka voye yon imèl bay [organizing@hcfama.org](mailto:organizing@hcfama.org).

Nan anèks la w ap jwenn yon lis òganizasyon ki fyab nan kominote a epi ki bay sèvis imigrasyon gratis. Kèk nan òganizasyon sa yo ka gen kapasite limite epi ka pa aksepte nouvo dosye. Tanpri rele anvan pou garanti yo ka ede ou. **Òganizasyon ki gen yon asteris bò kote yo dwe kapab reponn kesyon espesifik sou "chaj piblik" la.**



### Resous imigrasyon nan nòdès Massachusetts/Kot nò

Sèvis jiridik		
International Institute of New England- Lowell Office	155 Merrimack Street, 5 <sup>th</sup> Floor Lowell, MA 01852	Tel: (978) 459-9031
Lawrence Family Development and Education Fund, Inc.	404 Haverhill Street Lawrence, MA 01841	Tel: (978) 794-5399
Legal Justice Access, Inc.	60 Island Street, Suite 105 Lawrence, MA 01840	Tel: (857) 264-2381
Northeast Legal Aid-Lawrence	50 Island Street, Suite 203A Lawrence, MA 01840	Tel: (978) 458-1465
Northeast Legal Aid-Lowell	35 John Street, Suite 302 Lowell, MA 01852	Tel: (978) 458-1465
Northeast Legal Aid-Lynn	181 Union Street, Suite 201A Lynn, MA 01901	Tel: (978) 458-1465
Open Door Immigration Services	57 Wharf Street, Suite 3A, Salem, MA 01970	Tel: (978) 21902355
Refugee and Immigrant Assistance Center-Lynn	20 Wheeler Street, Suite 401 Lynn, MA, 01902	Tel: (617) 238-2430
Russian Community Association of Massachusetts	330 Lynnway, Suite 302 Lynn, MA 01901	Tel: (781) 593-0100

**Resous imigrasyon nan Gran Boston/Lès Massachusetts**

Sèvis jiridik		
*Action for Boston Community Development (ABCD)/Fenway Neighborhood Service Center	714 Parker Street Roxbury, MA 02120	Tel: (617) 445-6000
African Community Health Initiatives (ACHI)	101 Tremont Street, Suite 41 Boston, MA 02108	Tel: (857) 753-4886
*Agencia ALPHA	62 Northampton Street, Suite 203 Boston, MA 02118	Tel: (617) 541-4455 x16
*Asian American Civic Association	87 Tyler St, 5 <sup>th</sup> Floor Boston, MA 02111	Tel: (617) 426-9492
*Catholic Charities (Refugee and Immigrant Services)	275 West Broadway South Boston, MA 02127	Tel: (617) 464-8100
Centro Presente	12 Bennington Street, Suite 202 East Boston, MA 02145	Tel: (857) 256-2981
Children's Law Center of Massachusetts ** for children and youth	298 Union Street, 2 <sup>nd</sup> Floor Lynn, MA 01901	Tel: (781) 581-1977
Community Legal Services and Counseling Center	47 Thorndike Street Cambridge, MA 02141	Tel: (617) 661-1010
Community Legal Services and Counseling Center	1 West Street Cambridge, MA 02139	Tel: (617) 661-1010
Compassion Immigration Services, Inc.	77 Kennedy Dr Malden, MA 02148	Tel: (781) 480-4179
*De Novo	47 Thorndike St Cambridge, MA 02141	Tel: (617) 661-1010
Dominican Development Center	42 Seaverns Ave Boston, MA 02130	Tel: (617) 524-4029
East Boston Ecumenical Community Council	50 Meridian Street, Suite B1 East Boston, Ma 02128	Tel: (617) 567-2750
Ethiopian Community Mutual Assistance Association	614 Massachusetts Ave, Suite 202 Cambridge, MA 02139	Tel: (617) 492-4232
Freedom Hill Community Church	77 Kennedy Dr. Malden, MA 02148	Tel: (781) 480-4179
*Greater Boston Legal Services (Immigration Unit)	197 Friend Street Boston, MA 02114	Tel: (617) 371-1234 (800) 323-3205
Haitian American Public Health Initiatives	1601-1603 Blue Hill Avenue Mattapan, MA 02126	Tel: (617) 298-8076
*Harbor Communities Overcoming Violence for Domestic Abuse Survivors	148 Shawmut Street Chelsea, MA 02150	Tel: (617) 884-9799
Harvard University Law School (Immigration and Refugee Clinic)	6 Everett St, Suite 3103 Cambridge, MA 02138	Tel: (617) 384-8165
*Mayor's Office for Immigrant Advancement	1 City Hall Square, Room 806 Boston, MA 02111	Tel: (617) 635-2980
International Institute of New England (Boston Office)	2 Boylston Street, 3 <sup>rd</sup> Floor Boston, MA 02116	Tel: (617) 695-9990
Irish International Immigrant Center	One State Street, Suite 800 Boston, MA 02109	Tel: (617) 542-7654
Justice Bridge Legal Center UMASS School of Law, Boston Office	67 Batterymarch Street, Lower Level Boston, MA 02110	Tel: (617) 860-3414
Kids in Need of Defense (KIND) ** for unaccompanied minors	155 Seaport Boulevard, 5 <sup>th</sup> Floor Boston, MA 02110	Tel: (617) 207-4138

Latinos Unidos en Massachusetts (LUMA)	198 Ferry Street Everett, MA 02149	Tel: (617) 381-0015
Legal Justice Access, Inc.	60 Island Street, Suite 106 Boston, MA 02114	Tel: (857) 264-2381
Massachusetts Alliance of Portuguese Speakers	1046 Cambridge Street Cambridge, MA 02139	Tel: (617) 864-7600
Massachusetts Immigrant and Refugee Advocacy Coalition (MIRA)	105 Chauncy Street, Suite 901 Boston, MA 02111	Tel: (617) 350-5480
North Shore Assembly of God Church (Compassion Immigration)	77 Kennedy Drive Malden, MA 02148	Tel: (781) 480-4179
Political Asylum/Immigration Representation (PAIR) Project	98 North Washington St., Suite 106 Boston, MA 02114	Tel: (617) 747-9296
*Project Citizenship	4 Faneuil Hall, South Market Bldg., Boston, MA 02109	Tel: (617) 694-5949
The Right to Immigration Institute	24 Crescent Street, Suite 201 Waltham, MA 02453	Tel: (781) 891-6689
Somali Development Center	10 Malcolm X Boulevard, 2 <sup>nd</sup> Floor Roxbury, MA 02119	Tel: (617) 522-0700
Suffolk Law School- Immigration Law Clinic	120 Tremont Street, Suite 150 Boston, MA 02108	Tel: (617) 573-8100
Victim Rights Law Center	115 Broad Street, 3 <sup>rd</sup> Floor Boston, MA 02110	Tel: (617) 399-6720 x19

### Resous imigrasyon nan MetroWest/Massachusetts santral

Sèvis jiridik		
Ascentria Care Alliance	11 Shattuck Street Worcester, MA 01605	Tel: (774) 243-3100
	94 North Elm Street, Suite 401 Westfield, MA 01085	Tel: (413) 787-0725
Catholic Charities of Worcester (CCW)	11 Hammond Street Worcester, MA 01610	Tel: (508) 755-2261
*Central West Justice Center an Affiliate of Community Legal Aid	405 Main Street, 4 <sup>th</sup> Floor Worcester, MA 01608	Tel: (508) 755-3260 800-696-1501
Friendly House	36 Wall Street Worcester, MA 01604	Tel: (508) 755-4362
MetroWest Legal Services	63 Fountain Street, Suite 304 Framingham, MA 01702	Tel: (508) 620-1830

### Resous imigrasyon nan lwès Massachusetts

Sèvis jiridik		
*Berkshire Immigrant Center	88 South Street Pittsfield, MA 01201	Tel: (413) 445-4881
*Center for New Americans	42 Gothic Street Northampton, MA 01060	Tel: (413) 587-0084
Community Legal Aid	One Monarch Place, Suite 400 Springfield, MA 01144	Tel: (413) 781-7814
	20 Hampton Avenue, Suite 100 Northampton, MA 01060	Tel: (413) 584-4034
	152 North Street, Suite E-155 Pittsfield, MA 01201	Tel: (413) 499-1950

Jewish Family Service- New American Program	15 Lenox Street Springfield, MA 01108	Tel: (413) 737-2601
Lutheran Social Services of New England/West Springfield	593 Main Street West Springfield, MA 01089	Tel: (413) 787-0725
Multicultural Resource Center	425 Union Street West Springfield, MA 01089	Tel: (413) 726-2352

### Resous imigrasyon nan sidès Massachusetts/Cape Cod ak zile yo

Sèvis jiridik		
*Catholic Social Services of Fall River	1600 Bay St./PO Box M/So. Station Fall River, MA 02724 261 South Street Hyannis, MA 02601 238 Bonney Street New Bedford, MA 02744	Tel: (508) 674-4681 Tel: (508) 771-6711 Tel: (508) 997-7337
Community Action Committee of Cape Cod and Islands, Inc.	372 North Street Hyannis, MA 02601	Tel: 508-771-1727 x236 Faks: 508-771-1073
Immigrant's Assistance Center, Inc.	58 Crapo Street New Bedford, MA 02740	Tel: (508) 996-8113
Justice Center of Southeast Massachusetts, LLC	231 Main Street, Suite 201 Brockton, MA 02301	Tel: (508) 586-2210
UMass at Dartmouth- Immigration Law Project	33 Faunce Corner Road Dartmouth, MA 02747	Tel: (508) 985-1174
Community Economic Development Center	1285 Acushnet Ave New Bedford, MA 02746	Tel: (508) 979-4684
South Coastal Counties Legal Services Inc.	22 Bedford Street Fall River, MA 02720 460 West Main Street Hyannis, MA 02601	Tel: (508) 676-6265 Tel: (508) 775-7020